Kesyon yo Poze Souvan yo sou Vaksen kont COVID-19 la

Vaksen kont COVID-19 yo fèt pou sove lavi, ak moman nou sonje pi plis yo. Yo te fèt pou prezève anbrasad, apremidi avèk zanmi, tan ak fanmi, ak sèvis nan legliz, tanp ak moske yo. **Vaksen kont COVID-19 yo trè efikas** pou anpeche lanmò, maladi grav, ak ospitalizasyon akòz COVID-19 la.

Plis pase 150 milyon moun Ozetazinite resevwa omwen yon dòz vaksen jiska dat 15 me[1], men anpil moun gen kesyon sou kijan vaksen yo te fabrike, ki efè segondè yo ta ka genyen, ak kòman yo ta ka jwenn vaksen yo a.

Nou la pou ede asire tout moun gen enfòmasyon ak resous ki nesesè pou yo vaksinen, pou asire sekirite zanmi nou yo ak fanmi nou yo, epi mete yon fen finalman ak pandemi sa a.

Èske vaksen an ap ba ou COVID-19?

Non. Okenn nan vaksen kont COVID-19 ki otorize yo pa gen viris vivan ki lakòz COVID-19. Sa vle di yon vaksen kont COVID-19 pa ka fè ou malad ak COVID-19 la. Aprann plis la a.

Èske m bezwen vaksen an kanmenm si m jèn epi m ansante?

Wi. Moun ki jèn e ki ansante ka toujou enfekte ak COVID-19 la epi enfekte lòt moun. Byenke yo gen mwens chans pou yo gen sentòm grav, moun ki jèn e ki ansante yo ka gen move konsekans kanmenm akòz viris la, sa gen ladan l ospitalizasyon ak lanmò. Kèk moun ki gen COVID-19 lejè twouve yo avèk sentòm pou anpil tan tou.[2]

Èske efè segondè vaksen yo pi mal pase trape COVID-19 lan li menm si m jèn e ansante?

[1] Sous: Reuters
[2] Sous: CDC

Sèten moun pa gen okenn efè segondè. Gen lòt ki gen doulè oswa anfleman sou bra kote yo te ba yo piki yo a; kèk moun santi fatig, maltèt, frison oswa lafyèv. Sentòm sa yo nòmal epi yo ta dwe disparèt nan kèk jou. Aprann plis la a. Malgre efè segondè ki posib yo, lè ou pran vaksen kont COVID-19 la se toujou pi bon fason pou evite maladi ki pi grav apati enfeksyon ak COVID-19 la.

Kèk travay ap ba ou konje peye pou ou pran vaksen ou an ak pou retabli ou anba efè segondè yo. Gouvènman federal la te anonse yon pwogram kredi enpo pou konpanse depans la pou travay ki gen mwens pase 500 anplwaye yo pou yo bay konje peye pou vaksinasyon an. Kredi enpo sa a pral aplike ak prèske mwatye nan tout anplwaye sektè prive yo Ozetazini. Fè plis lekti apati Mezon Blanch lan la.

Èske lè ou pran vaksen an sa ka lakòz ou teste pozitif pou COVID-19 la?

Non. Vaksen an pa lakòz ou teste pozitif ak tès viral yo, ki sèvi pou wè si ou gen yon enfeksyon kounye a. Sa pran de semèn apre dènye piki ou an pou devlope yon iminite konplè nan kò ou. Poutèt sa, ou ta ka enfekte yon ti tan anvan oswa apre ou pran vaksen an paske kò ou pa te gen ase tan pou bay pwoteksyon. Nan ka sa a, ou t ap teste pozitif ak yon tès viral. Byenke vaksen yo trè efikas, gen yon ti chans toupiti pou ou ta ka enfekte kanmenm apre ou vaksinen konplètman. Si ou gen sentòm COVID-19 apre ou fin vaksinen, ou dwe fè yon tès kanmenm pou COVID-19 la.

Apre kò ou devlope yon repons iminitè—ki se objektif vaksinasyon an—gen yon posiblite pou tès ou an gendwa pozitif avèk kèktès antikò. Tès antikò yo endike ou te gen yon enfeksyon anvan epi ou ka gen kèk nivo pwoteksyon kont viris la. Ekspè yo kounye a ap egzamine kijan vaksinasyon COVID-19 la gendwa afekte rezilta tès antikò yo.[3]

[3] Sous: CDC
Yo te gwoupe enfòmasyon ki sou sit entènèt sa a apati enfòmasyon CDC a ak lòt resous medikal ki fyab epi se pa konsèy medikal yo ye. Si ou gen lòt kesyon anplis, nou ankouraje pou ou pale avèk yon founisè swen medikal. Dènye mizajou enfòmasyon sa yo te fèt 15 me 2021.

Èske vaksen an ap chanje ADN ou?

Non. Vaksen kont COVID-19 la pa chanje ni kominike avèk ADN ou nan okenn fason. Aprann plis apati CDC.

Kisa lidè relijye yo di sou vaksen kont COVID-19 la?

Lidè relijye nan plizyè legliz ak konfesyon ankouraje kwayan yo pou yo pran vaksen an, pou pwòp pwoteksyon yo ansanm ak sa ki byen pou tout moun.

- *"Pa gen okenn bezwen moral pou refize yon vaksen, sa gen ladan l vaksen Johnson & Johnson lan, ki akseptab moralman pou itilize...Tout vaksen kont COVID yo ki rekonèt kòm vaksen ki san danje epi ki efikas sou plan klinik ka sèvi ak tout bon konsyans."*[4] ***- Evèk Rhoades nan Fort Wayne, South Bend, Indiana:***
- *"Moralite vaksinasyon an depann non sèlman sou devwa pou pwoteje pwòp sante yon moun, men tou sou devwa pou chèche sa ki byen pou tout moun...Sa ki byen pou tout moun gendwa rekòmande vaksinasyon, sitou pou pwoteje moun ki pi fèb e ki pi ekspoze yo...Tout vaksen kont COVID yo ki rekonèt kòm vaksen ki san danje epi ki efikas sou plan klinik ka sèvi ak tout bon konsyans"*[5] ***- Vatikan***

Èske moun ki ansent oswa k ap bay tete ka pran vaksen?

Si ou ansent oswa w ap bay tete, ou gendwa resevwa yon vaksen kont COVID-19 lè youn disponib pou ou; li pa nesesè pou pale ak doktè ou anvan[6]. Moun ki ansent ki enfekte ak COVID-19 yo gen ogmantasyon risk pou konplikasyon COVID lan nan konparezon ak pasyan ki pa ansent yo, sitou si yo gen komòbidite (pwoblèm medikal anplis ki egziste deja).[7]Si ou vaksinen pandan fen gwosès la, li posib pou antikò ou devlope ak vaksinasyon an transmèt bay fetis la atravè plasenta a epi yo ka bay kèk pwoteksyon kont COVID-19.[8]

[4] Sous: Sèvis Nouvèl Katolik
[5] Sous: Vatikan an
[6] Sous: American College of Obstetricians and Gynecologists
[7] Sous: CDC
[8] Sous: Medsin University of Chicago: Yo te gwoupe enfòmasyon ki sou sit entènèt sa a apati enfòmasyon CDC ak lòt resous medikal ki fyab epi se pa konsèy medikal yo ye. Si ou gen lòt kesyon anplis, nou

[6] Sous: American College of Obstetricians and Gynecologists

Yo te gwoupe enfòmasyon ki sou sit entènèt sa a apati enfòmasyon CDC ak lòt resous medikal ki fyab epi se pa konsèy medikal yo ye. Si ou gen lòt kesyon anplis, nou ankouraje pou ou pale avèk yon founisè swen medikal. Dènye mizajou enfòmasyon sa yo te fèt 15 me 2021.

Pa gen okenn prèv aktyèlman ki montre vaksinasyon kont COVID-19 yo lakòz pwoblèm pou gwosès, ansanm ak devlopman plasenta a. Plis pase 100,000 moun ansent te chwazi pran vaksen an jiskaprezan epi yo siveye yo sou yon rejis espesyal.[9]

Aprann plis bagay sou gwosès, alètman matènèl, ak vaksen kont COVID-19 la nan men Kolèj Ameriken Obstetrisyen ak Jinekològ.

Èske vaksen kont COVID-19 la lakòz enfètilite?

Non. Pa gen okenn prèv pwoblèm fètilite se yon efè segondè ak nenpòt vaksen, sa gen ladan l vaksen kont COVID-19 yo.[10]

Si ou te trape COVID-19 deja epi ou refè, èske ou bezwen pran vaksen kont COVID la kanmenm?

Wi. Ou ta dwe pran vaksen an toujou menm si ou te trape COVID-19 deja epi ou refè. Pandan ou devlope antikò lè ou trape COVID-19 la epi ou refè, ekspè yo ap aprann toujou pandan konbyen tan pwoteksyon nan antikò sa yo dire. Se yon bagay ki ra, men li posib pou ou enfekte ak COVID-19 la yon dezyèm fwa.

Ou ka pran vaksen an yon fwa ou pa gen okenn sentòm epi ou pa oblije izole ankò. Si ou te trete pou COVID-19 la avèk antikò monoklonal oswa plasma konvalesans, ou ta dwe tann 90 jou anvan ou pran yon vaksen kont COVID-19 la. Pale avèk doktè ou si ou pa fin sèten apwopo tretman ou te resevwa a oswa si ou gen plis kesyon pou konnen si pou ou pran yon vaksen

ankouraje pou ou pale avèk yon founisè swen medikal. Dènye mizajou enfòmasyon sa yo te fèt 15 me 2021.

[9] Sous: CDC

[10] Sous: American Academy of Family Physicians

kont COVID-19 la.

Espesyalis yo ap aprann plis toujou sou kantite tan vaksen yo pwoteje kont COVID-19 la nan kondisyon reyèl yo. Verifye sit entènèt CDC an pou jwenn enfòmasyon amezi nouvo prèv ap vin disponib.[11]

Poukisa mwen ta dwe fè vaksinen timoun mwen yo?

Timoun ki gen laj 12-15 lane yo kalifye kounye a pou resevwa vaksen Pfizer a.[12]Piske moun pi jèn ki pa gen sentòm ka transmèt viris la san sentòm, li enpòtan pou yo pran vaksen an pi bonè sa posib.[13] Epitou, si ou fè vaksinen timoun ou an, sa pral anpeche li devlope yon maladi grav apatiCOVID-19 la. Ofiramezi nou ogmante kantite vaksinasyon yo, nou pral wè gen mwens restriksyon epi nou pral retounen pi vit ak moun, evènman e bagay nou sonje plis yo.

Pou aprann plis, gade nan paj CDC a sou Fo kwayans ak Reyalite sou Vaksen kontCOVID-19 la.

[11] Sous: CDC Yo te gwoupe enfòmasyon ki sou sit entènèt sa a apati enfòmasyon CDC ak lòt resous medikal ki fyab epi se pa konsèy medikal yo ye. Si ou gen lòt kesyon anplis, nou ankouraje pou ou pale avèk yon founisè swen medikal. Dènye mizajou enfòmasyon sa yo te fèt 15 me 2021.
[12] Sous: FDA
[13] Sous: CDC